

Pran Bonjan Desizyon: Pwochen Etap

Lis pou Admisyon nan Lekòl Segondè

Ete

- Revize Anyè lekòl segondè a ak manyèl pou elèv lekòl segondè espesyalize yo
- Prepare pou egzamen admisyon lekòl espesyalize yo Specialized High Schools Admissions Test (SHSAT)
- Kòmanse idantifye pwogram ak lekòl ki enterese w
- Planifye orè w pou otòn - rezève dat nan kalandriye w pou fwa, open house, odisyon ak vizit lekòl

Septanm

- Enskri pou SHAT ak odisyon pa entèmdyè konseye w
- Patisipe nan open house
- Ale nan vizit lekòl
- Patisipe nan fwa lekòl segondè pou tout vil la

Oktòb ak novanm

- Revize aplikasyon lekòl segondè konseye pedagogik ou a ba w la
- Patisipe nan yonn oswa plis fwa lekòl segondè Borough yo
- Pran SHSAT a
- Patisipe nan odisyon ak entèvyou
- Kontinye patisipe nan open house epi ale nan visit lekòl

Desanm

- Remèt Aplikasyon Lekòl Segondè a bay konseye pedagogik ou a **2 desanm**

Kalandriye pou admisyon lekòl segondè: 2011

Dat	Aktivite
24-25 septanm	Fwa Lekòl Segondè onivo Tout Vil la
12 oktòb	Dènye jou anrejistre pou egzamen admisyon lekòl espesyalize yo Specialized High Schools Admissions Test (SHSAT)
Kòmansman Oktòb	Elèv resevwa aplikasyon Lekòl Segondè nan men konseye yo
21 oktòb	Konseye pedagogik bay biyè SHSAT
22-23 oktòb	Fwa Lekòl Segondè nan Borough
29 oswa 30 oktòb	Egzamen Admisyon Lekòl Segondè Espesyalize <ul style="list-style-type: none">Tout elèv ki nan 8yèm ane
5 novanm	Egzamen Admisyon Lekòl Segondè Espesyalize <ul style="list-style-type: none">Tout elèv ki nan 9yèm aneElèv 8yèm ak 9yèm ane ki gen bezwen espesyal, akomodasyon 504, ak tan anplis
20 novanm	Egzamen Admisyon Lekòl Segondè Espesyalize <ul style="list-style-type: none">Tout elèv 9^{yèm} ane ki obsève SabbathElèv 8yèm ak 9yèm ane ki obsève Sabbaht ki gen bezwen espesyal, akomodasyon 504, ak tan anplis
20 novanm	Egzamen Admisyon Lekòl Segondè Espesyalize <ul style="list-style-type: none">Egzamen ratrapaj (avèk pèmasyon sèlman)
2 desanm	Dènye dat pou soumèt aplikasyon lekòl segondè ba konseye pedagogik

Kòman pou navige nan fwa lekòl segondè pou tout vil la

⇒ Fè yon lis kesyon epi prepare w pou resevwa nouvo enfòmasyon

- Poze kesyon sou klima ki anndan lekòl la: Ki tip relasyon elèv genyen avèk elèv parèy yo ak pwofesè yo, etc.?
- Poze kesyon sou pwogram tipik pou elèv 9yèm ane: A ki lè lekòl kòmanse, a ki lè yo fini? Ki lè elèv fini lòt aktivite anplis ki pa nan pwogram akademik yo an jeneral?
- Poze kesyon sou domèn ki enterese pitit ou a. Kòman yo entegre tèm lekòl la nan kourikoulòm lan ak kou espesifik yo? Èske gen kou espesifik ki gen rapò avèk sa ki enterese pitit ou?
- Poze kesyon sou opòtinite ki genyen pou elèv 9yèm ane pran kèk kou ki nan Anyè a.
- Poze kesyon sou kantite elèv yo mete nan yon salklas nan yon lekòl an patikilye.
- Si Anyè a di yo mande elèv pou respekte yon kòd disiplin inifòm, mande kisa inifòm ye ak si pou peye pou li.
- Ki kèk pwoblèm elèv pale sou yo nan lekòl ou a?
- Kòman lekòl la kominike avèk paran osijè (a) sa k ap apse nan lekòl la (b) pwogrè akademik pitit yo?

⇒ Vizite Tab Lekòl Espesifik

- Avan ou pran yon depliyon sou tab la, jwenn yon moun pou poze kesyon ou genyen. Jeneralman genyen pwofesè, konseye pedagojik, paran ak elèv sou tab yo. Souvan, direktè a la tou.
- Si gen anpil paran k ap rete tann nan yon tab an patikilye, pa dekouraje. Pran yon depliyon, gade sa k ladan pandan w ap rete tann lan.
- Pa bliye pou pran non, tit ak nimewo telefòn moun pou kontakte nan lekòl la si w vin gen lòt kesyon, ak dat open house la oswa vizit la.
- Pa bliye pou **ekri non w** nan chak tab ou vizite.

Lè w fin vizite tab la, pran yon ti tan pou pale sou lekòl la ak pwogram li avèk pitit ou. Èske gen lòt bagay pitit ou a ta renmen konnen? Ankouraje pitit ou a pou l pale lè w ap rankontre avèk reprezantan lekòl yo nan tab la.

Dèke w fin vizite lekòl ou te idantifye yo, gade nan Anyè yon fwa ankò pou wè si gen lòt lekòl ou ta renmen vizite. Si genyen, pase rès tan an pou vizite lekòl sa yo.

⇒ Pran Nòt

Lè w fin vizite anpil tab, ou kapab bezwen raple w kesyon espesifik ou te poze chak lekòl, donk pran nòt. Note mo kle ak fraz kle.

⇒ Avan ou kite fwa a...

Tcheke pou asire ou te vizite tout lekòl ou te souliye nan Anyè Lekòl Segondè a. Si w gen nenpòt kesyon sou pwosesis admisyon nan lekòl segondè a, mande yon manm estaf nan Biwo Enskripsyon Elèv la.

⇒ Lòt Resous

- Sitwèb Aktivite ak Kalandriye Lekòl Segondè: www.nyc.gov/schools/choicesenrollment/high/calendar
- Sit wèb Piblikasyon Lekòl Segondè: www.nyc.gov/schools/choicesenrollment/high/publications